

# #1

**Pi Gwo Bank  
an Ayiti,  
san Fizyon ni Akizisyon!**



Groupe Financier National

UNIBANK S.A.

UNITRANSFER S.A.

MICRO CRÉDIT  
NATIONAL S.A. (MCN)

UNICARTE S.A.

UNICRÉDIT S.A.

UNIASSURANCES S.A.

UNIFINANCE S.A.

SOCIÉTÉ NATIONALE  
D'INVESTISSEMENT S.A. (SNI)

CAPITAL CONSULT S.A.

IMMOBILIER S.A. (IMSA)

FONDATION UNIBANK



www.unibankhaiti.com

Not pou enfomasyon

## Rapò anyel 2008 UNIBANK

UNIBANK ap prezante kompliman'l bay tout piblik la anjeneral, patikilyèman depozan l'yo ak klyan l'yo. Se ak kè kontan l'ap anonse yo ke l'ap fè sòti *Rapò anyel 2008* li a. L'ap fè konnen ke yap jwenn li tou sou sit entènèt li a ki se: [www.unibankhaiti.com](http://www.unibankhaiti.com). An plis de rapò jesyon konsèy administrasyon an ak kèk seksyon sou anviwonman ekonomik ak angajman sosyal UNIBANK ak Group Finansye Nasyonal (GFN), nan *Rapò anyel 2008* la, n'ap jwenn eta finansye konsolide odite bank lan rive nan dat 30 sekatanm 2008.

Rapò jesyon ane pase-a bay yon analiz detaye sou tout aktivite, pèfomans ak sityasyon finansye UNIBANK, ki tap fete nan ane 2008 la, kinz lane sèvis ke li ofri kominote-a.

Pandan ane kinzyèm anivèsè sa-a, UNIBANK ranfòse pi plis pozisyon lidè-l nan tout kalte domèn nan aktivite finans ak bank. Nan lojik sa-a, nan dat 30 sekatanm 2008, UNIBANK **san Fizyon ni akizisyon** se:<sup>1</sup>

- **Premyè Bank Dayiti**, ak 30.7 milya goud kòm aktif (US\$ 768 milyon);
- **Bank ki pi Rantab an Ayiti**, ak 550 milyon goud pwofit apre ke li fin peye enpo leta (US\$14.3 milyon);
- **Bank ki pi Solid an Ayiti**, ak 2.45 milya goud kòm Kapital (US\$ 61.4 milyon);
- **Bank Popilasyon an pi Renmen**, ak 723,000 klyan an Ayiti plis 268,000 klyan aysien kap viv aletranje;
- **Bank ki pi Pre tout Klyan' yo**, ak 568 biwo pou ba yo sèvis :
  - 45 Sikisal ak Gichè UNIBANK (29 nan pòtoprens, ak 16 nan 14 vil pwovens nan tout departman jewografik peyi-a) ;
  - 17 Ajans Micro Crédit National, ak 10 nan pwovens ;
  - 3 Biwo UniCarte, UniCrédit ak UniFinance;
  - 186 Biwo ak Ajan Peyè UniTransfer an ayiti;
  - 317 Biwo ak Ajan Kolektè UniTransfer entènasyonal nan Etazini, Kanada ak plizyè lòt peyi nan karayib la.
- **Bank Inivèsèl la** kap mache pou pidevan ak 365 asosyel' yo ak 1828 amplwayel' yo.

Antrepriz sijwayèn, UNIBANK se pi gwo kontribyab Ayisyen nan sa ki konsène peye enpo 2007-2008,<sup>2</sup> anplis, li se pi gwo kontribyab tou nan kategori gwoup antrepriz ayisyen. Li fyè anpil nan kominote-a de konpòtman sosyalman responsab li ak tout angajman l'nan pwomosyon envestisman sosyal. UNIBANK ak GFN santi yo onore ke yo se de sponso enpòtan nan zafè ledikasyon, lakilti ak zèv atistik an Ayiti, patikilyèman atravè « Livres en Folie », « Musique en Folie », ak Fondasyon Unibank.

UNIBANK atravè *Rapo anyel 2008* la kontan anpil poul bay bon jan enfòmasyon nan tout transparans a depozan l'yo, klyan l'yo, asosyel'yo, responsab leta yo, laprès, ak piblik la anjeneral. Li fyè anpil ke li se premyè bank an Ayiti ki te fè sòti rapò anyel li ak tout eta finansye konsolide odite li yo, e li vle toujou kenbe ak tradisyon ke li te kòmanse depi lè li te inogire nan ane 1993.

**Se mem koté nou pralé, an fè wout la ansam ak UNIBANK!**

Pòtoprens, 30 mas 2009.<sup>3</sup>

<sup>1</sup> Sous enfòmasyon: Rapò anyel ak eta finansye tout Bank yo; ak estatistik finansye Bank Santral (BRH), nan dat 30 sekatanm 2008.

<sup>2</sup> Sous enfòmasyon DGI: ansanm enfòmasyon sou 150 pi gwo kontribyab egzèsis 2007-2008.

<sup>3</sup> Nòt sa ap disponib nan lang Kreyòl, Anglè ak Espanyòl, sou sit entènèt : [www.unibankhaiti.com](http://www.unibankhaiti.com).

**“Faisons route ensemble”**